

Laporan Pandangan Mata

Reuni SMA 1 Purwokerto Angkatan 1987, 3 Oktober 2008

Kanca-kanca ysh,

Alhamdulillah awake dhewek bisa ngumpul neng SMA 1 Purwokerto, tanggal 3 Oktober 2008 wingi. Senajan acarane sederhana, nanging insya Allah akeh manfaate. Inyong lan seluruh penggagas acara ngaturaken sembah nuwun sing akeh kanggo Sedulur kabeh sing bisa rawuh lan sing ora bisa. Uga, nyuwun pangapura atas kabeh kekurangan, upamane konsumsi lan akomodasi sing se-anane merga kesibukan kanca-kanca kabeh.

Acara tanggal 3 Oktober 2008 kae, kira-kira bisa digambaraken kaya neng ngisor kiye. Info lengkape sementara tek sog-na neng www.flickr.com/photos/imamr/sets/72157608185955874/detail/. Maune, arep tek sog-na neng www.woltusmansapwt.lefora.com, nanging www.flickr.com duwe fitur album foto sing lewih “well-managed”. Mengko, nek lefora.com wis duwe fitur album sing lewih apik, tek pindah neng kono.

Gambaran acara:

- Kira-kira jam 9:00 – 9:30 siji-siji padha rawuh neng SMA 1 Purwokerto, ana sing nggawa keluarga, ana sing dhewekan.
- Jam 9:30 ngumpul neng bangsal (aula). Berhubung wis selikur (21) tahun ora ketemu, ya ana sing wis berubah blas, ana sing esih kagungan sisa-sisa wektu esih enom, lan ana sing esih kaya gemiyen banget. Ana maning, sing tambah enom tenimbang gemiyen, contone Mas Tito. Dadi, thesis se-durunge neng email bahwa supaya awet enom kuwe disarankan dadi dosen, perlu di-koreksi. Jebule, dadi wartawan bisa lewih enom maning.
- Jam 9:30 – 10:30, inyong njajal ngenalaken kanca-kanca siji-siji, sebisane inyong lah, nggo ngemutaken kabeh sing rawuh. Ana sing bisa lengkap, ana sing ora bisa. Ora perlu dibalenin neng laporan kiye lah ya? Kanca-kanca, mangga dipirsani neng website lan di-eling-eling, sapa baen sing ana neng foto-foto kae.
- Jam 10:30 – 11:00, diskusi. Menurut Pak Tjaraka, acara reuni kiye cukup bermanfaat kanggo silaturahmi, angger bisa ditingkatkan tahun ngarep, khusus jumlah pesertane. Pak Rahmat Iman ngemutaken, nek bocah-bocah 87 kuwe ora kabeh sukses, ya ana baen sing kurang beruntung; angger bisa tahun ngarep padha diundang. Pak Tjaraka uga menyampaikan, SMA 1 Purwokerto lagi ngadhepi “big challenge” supaya bisa tetep dadi “the best” neng Purwokerto. Menurut Pak Oo, peran alumni sangat diharapkan, khusus kanggo mencapai 1) predikat SMA bertaraf internasional, lan 2) sertifikasi mutu ISO. Sekang diskusi awal neng kono, insya Allah kanca-kanca 87 kabeh padha concern lan bisa berperan lebih. Serpihan-serpihan resource & expertise wis ana, gari di-konsolidasi baen.

- Sekitar jam 11:45, Mbak Zullies & keluarga, Mbak Santi & keluarga, dalam perjalanan ke luar kota, nyempataken rawuh ketemu kanca-kanca. Matur nuwun, kagem beliau lan keluarga.
- 11:00 – 11:30 acara bebas lan foto bersama.

Pictures by thumbnail bisa di-pirsani kaya neng ngisor kiye, lengkape mangga di-check neng website sing tek tulis neng ndhuwur kae.

Foto-foto Reuni 3 Oktober 2008



Kira-kira jam setengah sepuluh kaya keton neng tengah ndhuwur kae, kanca-kanca padha rawuh neng...



Berhubung wis selikur tahun ora ketemu, kepeksa kenalan maning. Ana sing esih keton enom banget kaya...



Kiye gambare Mas Slamet Iman Santoso, garwane Mbak Evi, ngaturi sethithik ular-ular. Mbak Andri karo...

02_kenalan-maning-3



Nggo nge-test kanca-kanca, jajal di-bedhek, endi sing jenenge Amirudin, Rubi Achir Rijanto, Tito,...

03_loro2ne-esih-kaya-gemiyen



Pak Oo & Mbak Elika, esih kaya gemiyen, tambah sip pokoke...

04_Pak-Guru-mantan-I2



Mas Tjaraka, mantan vocalist paduan suara SMA 1, pancen cocok banget dadi Pak Guru.

02_kenalan-maning-4



Jajal, endi sing jenenge Untung, Iman, Budi, Nawa....

05_Siki-Pelajaran-Kimia-Organik



Sekarang..., kita mulai lagi pelajaran Kimia Organik. Coba ulang kembali nama-nama gugus organik...

06_Garwa-lan-Putera



Jajal, diemut-emut, endi sing garwane Imam, Amir, Nunug, Budi, Triwarso. O ya..., ana Mbak...

07_Pelajaran-Olah-Raga-1



Kiye arep pelajaran olah raga apa arep mangkat studi tour?

07_Pelajaran-Olah-Raga-2



Kayane arep mangkat family gathering....

07_Pelajaran-Olah-Raga-3



Sinergi & silaturahmi....

Sementara, kuwe dhisit laporane. Angger ana tambahan-tambahan, mangga ditulis neng email. Matur nuwun.

Wassalam,

Imam Rijanto

Ph. 02170890005